

Monkeypox ak Sante Seksyèl:

Kisa tout moun New York ta dwe konnen

Kisa ki monkeypox, ak sa mwen ta dwe konnen sou epidemi aktyèl la nan peyi Etazini?

Monkeypox se yon enfeksyon viral, ki ra, anjeneral, li pa lakòz maladi grav. Epoutan, li ka lakòz moun entène lopital oswa lanmò. Se poutèt sa otorite lasante yo nan New York, peyi Etazini, ak atravè mond lan ap kontwòle ka monkeypox yo nan zòn yo pa siyale enfeksyon monkeypox yo, tankou nan Eta New York.

Menm si moun New York pa ta dwe enkyete yo, tout moun ta dwe rete enfòm sou monkeypox. Sa vle di yo dwe konprann sentòm yo, kijan li pwopaje, ak kisa pou yo fè si yo enfekte.

Kisa tout moun New York ta dwe konnen sou monkeypox?

- Nenpòt moun ka pran monkeypox. Epoutan, dapre epidemi aktyèl la, monkeypox ap afekte kèk popilasyon plis pase lòt, tankou gason ki fè sèks ak gason (Men who have Sex with Men, MSM).
- Dapre premye epidemi monkeypox yo nan mond la, kèk gwoup moun ka genyen tou plis risk pou sibi konsekans grav yo si yo trape monkeypox.
- Sa yo se moun ki gen sistèm iminitè fèb, granmoun New York ki gen anpil laj, timoun piti ki poko gen 8 ane, ak fanm ansent.

Kisa sentòm monkeypox yo ye?

Sentòm monkeypox yo gen ladan yo:



- Gratèl, boul, oswa ti anpoul ki ka parèt sou ti pati yo oswa ozalantou yo oswa nan lòt pati tankou men w, pye w, pwatrin ou oswa figi w. Sentòm sa yo ka menm jan avèk enfeksyon transmisib seksyèl (Sexually Transmitted Infection, STI) kouran yo ak lòt maladi po kouran tankou alèji lvy pwazon.
- Sentòm ki sanble ak grip tankou lafyè, tèt fè mal, doule nan misk, frison, ak fatig. Sentòm sa yo ka parèt anvan oswa apre gratèl la parèt, oswa yo ka pa parèt ditou.

Vire paj la →

Kijan monkeypox pwopaje?

Monkeypox pwopaje atravè kontak fizik, sere ant moun. Tankou:

- Kontak dirèk avèk maleng oswa gratèl monkeypox sou yon moun ki gen monkeypox.
- Ti gout likid respiratwa oswa likid nan bouch yon moun ki gen monkeypox, sitou pou moun ki gen kontak sere avèk yon moun oswa ki bò kote li pandan anpil tan.
- Li ka pwopaje tou atravè kontak avèk objè oswa twal (pa egzansp, rad, dra, sèvyèt) yon moun ki trape monkeypox fin itilize.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen te enfekte oswa si mwen gen sentòm ki sanble avèk monkeypox?

Moun New York ki gen sentòm ki sanble avèk monkeypox, tankou sentòm gratèl oswa maleng karakteristik yo, ta dwe kontakte pwofesyonèl swen sante yo pou yon evalyasyon risk. Sa a se pou nenpòt moun ki te vwayaje nan peyi kote yo te siyale ka monkeypox yo oswa moun ki te an kontak avèk yon moun ki gen yon gratèl menm jan an, oswa ki te resevwa yon rezilta dyagnostik monkeypox sispèk oswa konfime.

Kijan mwen ka pwoteje tèt mwen kont monkeypox?

Moun New York yo ka pwoteje tèt yo pandan y ap pran prekosyon senp, ki enpòtan espesyalman pou moun ki gen plis risk pou yo ta vin malad grav, tankou moun ki gen sistèm iminitè fèb:

- Mande patnè seksyèl ou si li gen gratèl oswa lòt sentòm ki gen rapò avèk monkeypox.
- Evite kontak po a po avèk yon moun ki gen gratèl oswa lòt sentòm ki gen rapò avèk monkeypox.
- Si ou kontamine oswa si w gen sentòm, asire ou konsilte yon pwofesyonèl swen sante.
- Swiv sous enfòmasyon sou lasante ou fè konfyans, tankou NYSDOH, CDC, ak depatman lasante lokal Konte ou a.



Pou w jwenn plis enfòmasyon ak resous sou monkeypox, ale sou:

health.ny.gov/monkeypox